# ЦІияб 2023 сонгун, районцоял!

Ассаламу гІалайкум!

# АХИХЪАН

№ 1 (7557)
1 Январь
Гьат1ан
2023 сон
sadovoduns@yandex.ru
Багьа эркенаб

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. УНСОКОЛО РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА «САДОВОД»

## Ракълилаб батаги!



Тарихалъулъе ана XXI гІасруялъул 2022 сон. Гьелъулъ байбихьарал чІахІиял тІалабалги, гьелдаго цадахъ захІмалъабиги цере рачунаго дандчІвай гьабулеб буго нилъеца 2023 Соналда. Украиналда спецоперация байбихьараб захІматаб сон букІаниги социалиябгун экономикияб ва культурияб рахъалъ цебетІураблъун, гІуцІарухъанлъиялъулъ лъикІаб лъалкІ тараблъун букІана гьеб.

Араб соналда рукІарал захІмалъабазухъ балагьичІого росабазул гІадамазул хІажалъаби ва мурадал тІураялда гІемерал хІалтІаби гьаруна. ЛъикІал хІасилал ккана налогал ракІариялда. ЗахІмалъаби ругониги районалда букІана чІара-хьараб политикияб ахІвал-хІал, гьедин букІиналъе гІемераб хІалтІи гьабуна районалъул АТКялъ.

Ахирияв саназда республикаялда хІалтІулел рукІана батІи-батІиял миллиял программаби. Гьел Дагъистаналъе щвеялъе гІемерал хІалтІаби гьарулел руго Дагъистаналъул БетІер С. Меликовас. Проектазда рекъон араб соналда хІалтІаби гьаруна нилъер районалдаги. Гьезул кумекалдалъун къачІана росабазда жанисан нухал, школал, рахъана лъинал, гьаруна хІалхьи гьабиялъул ва спорталъул бакІал.

Къокъго абуни проектазулал кумекал щвечІел росаби хутІичІо районалда. Райадминистрациялъ цІикІкІараб хІалтІи гьабулеб буго гьаб соналъги росаби къачІаялде, гьенир санагІалъаби гІуцІиялде кІвар кьеялъе.

РакІ-ракІалъ баркула районалъул гІадамазда тІаде щвараб 2023 сон. Щивасул рекІел мурадал тІуралеблъун батаги гьеб. Биччанте ЦІияб Сон нилъее букІине политикияб рахъалъ гІодобе биччараблъун, рохалилаблъун, талихІаблъун. Нужер щивасул ургъелал къварилъаби араб соналъулъ хутІаги, бачІараб 2023 Соналъ нилъер къавулъе лъикІаб гурони хабар бачІунгеги. ТІурайги щивасул ракІазул мурадал, сахлъи-рохелгун ракълида хутІаги кидаго Нилъ!

ЦІияб Сонгун, районцоял!

**ГІ. НУРМУХІАМАДОВ,**
**«Унсоколо район» МОялъул бетІер**

## Собраниялъул заседание



Араб соналъул ахирисел къоязда данделъун букІана «Унсоколо район» МОялъул микьабилеб нухалъ ахІараб районалъул депутатазул Собраниялъул заседание.

Гьенир гьоркьор лъуна РДялъул «Унсоколо район» муниципалияб гІуцІиялъул 2023 соналъе плановиял 2024-2025 соназе бюджеталъул хІакъалъулъ» абураб районалъул администрациялъул финансазулаб отделалъул начальник Ж. Шамсудиновасул доклад.

Гьенибго балагьана «Муниципалияб должносталда ва муниципалияб хъулухъалда «Унсоколо район» МОялъул муниципалиял нухмалъулезул должностазда барал щолел мухьазул, буголъиялда хурхун, хвезабураб гІарцул, буголъиялъул рахъалъ тІадеросиязул, гьел официалияб сайталда лъеялъул ва халкъияб информациялъул



алатазда рахъиялъул, муниципалиял должностазул переченалъул, гьединал бакІазде тІамулезул жидерго доходазда хурхун кьолел баяназулхІакъалъулъ»,-райадминистрациялъул правовиял суалазда хурхун бетІерай специалист У. Бартыхановалъул информациялъухъги.

Заседаниялда гьоркьор лъуна «Унсоколо район» МОялъул ЖамгІияб Палатаялъул Положение тасдикъ гьабиялде буссараб ЖамгІияб Палатаялъул пред. М. ГІабдулаевасул информацияги.

Балагьана муниципалияб районалъул депутатазул Собраниялъул 2014 соналъул 29 декабралда бахъараб «Унсоколо район» МОялъул «Спортивиял тадбирал тІоритІулаго хвезабураб гІарцул ва призазе хвезабулеб гІарцул къадар чІезабиялъул рахъалъ бугеб хІукмуялъулъ хиса-баси гьаби»,-абураб муниципалияб районалъул бетІерасул ишал тІуралев Хъ-М. ГІабдулхаликъовасул информациялъухъги.

Гьенибго кІвар буссинабуна Дагъистан Республикаялъул буголъиялде «Унсоколо район» МОялъул буголъи кьеялъул суалалдеги. Гьелъул рахъалъ информация гьабуна «Служба земельно-кадастровых и имущественных отношений» отделалъул нач. М. МухІастановас.

Заседаниялда рукІана А. М. МухІамадовасул рахъалъ депутатасулаб запрос ва батІи-батІиял суалалги.

ГІахьаллъараз тІадехун рехсарал суалал гІатІидго гьоркьор лъуна ва данде кколел хІукмаби къабул гьаруна.

## ЛъикІабщинаб, нужее!

Баркула ЦІияб сон, районцоязда,
ТалихІ-рохел босун бачІун батаги!
РекІел мурад тІубан, сахлъи щулалъун
Гьаб дуниялалда бокьухъе таги!
Улкаго чІухІарал лъимал гьареги
Роххалий гурони руссен ккогеги,
Къалде нилъ ахІулел, Аллагьас рачун
Ракълилаб гІумроялъ къвал жемун таги!

ТІабигІаталъ кьолел тІолго нигІматал
ТІадегІанас нилъей гьарза гьареги,
ВатІан цІунун ругел гІолилал васал
Къадараб цІар босун тІад руссунгеги!
МугІрузда гІиялги гІодор ахалги
Хьиндалазул ракьда жеги цІикІкІаги,
БачІаралъ талихІгун рохел бачІаги
Берцинаб гІумрудул рохел чІахъаги!

2023 соналъул символ ккола ЧIегIераб Лъадал гIанкI. ХIажат гьечIел къагIидаби гьелъул рукIунаро. Гьелъул гIаксалда гIумру букIуна гIодобе биччараб. ЧIегIереб Лъадал гIанкIил сон букIуна 60 сонида жаниб цо нухалъ. Астрологаз бихьизабухъе сон гIодобе биччараб букIине ккола.



Тарих

## «АхIулгохI» мемориалияб комплексалъ щуго сон



Бусурбабазул къеркьеялъул тарихалда кIочонареб лъалкI тараб АхIулгохIда бараб музеялъ жиб хIалтIизе лъугьаралдаса исана тIубана щуго сон.

Дагъистаналъул БетIерлъун дол соназ вукIарав ГIабдулатIипов Рамазанида бажарана I50-ялдасаги цIикIкIун соназ тIолго дунялалъул буссурбабазул кIиабилеб хIежлъун лъугьараб АхIулгохIда мемориалияб комплекс баялъул суалалде пачалихъияб кIвар буссинабизе ва гьеб бан лъугIизабизе. Комплекс базе букIиналъул ва киб гьеб базе мустахIикъаб бугеб абураб пикру Рамазаница дандбана росдал жамагIатал да ва муфтияталда. Абадиялъего Дагъистаналъул БетIерасул лъикIал ишазе памятниклъун хутIила гьеб берцинаб хъала. Музеялъулаб комплекс хIалтIизе лъугьиналъул кIудияб кIвар буго ГохIде рачIунел зияратчагIазе санагIат рекъезабиялъе ва рикIкIен гIемерал туристазе тарихиял баянал кьеялъе.

Унсоколо районалде туристал рачIиналъе цIикIкIарал ресал руго гьаб районалдаса рахъарал имамзабазул, гIалимзабазул, инкъилабалъул хIаракатчагIазул тарихиял баянал лъазариялъе. Имамат пачалихъалъул тахшагьарал рукIана микьго батIиял росабалъ. Гьездасан лъабго росу Гениб, ГIашилтIа ва АхIулгохI Унсоколо районалъул ракьалде ккола. АхIугохIда гIадинаб «лъабго моцIрол гьумералъ гуллил цIадакь рукIараб», гьенир гIадин анцI аза-азар чи гIахьаллъараб рагъ исламияб тарихалда киданиги букIинчIо. Рехсон тезин цо-кIиго тарих: 624 соналъул (гьижрияб къагIидаялъ кIиабилеб сон) марталда букIараб Бадруялда ккараб рагъулъ буссурбабазул рахъалъ гIахьаллъана 300-гIан рагъухъан, I000-гIан чиясде данде. Гьеб рагъда чIвана бусурбабазул I4 ва тущманасул 70 чи. 625 соналъ УхIудалда ккараб рагъулъ (гьижрияб 3-абилеб сон) гIахьаллъана бусурбабазул 700 рагъухъан, 3000 рагъухъан вугеб тущманасул боялде данде. Гьенив бусурбабазул чIвана 85 чи ва тушманасул 40 чи. АхIулгохIил рагъда пачаясухъе битIараб рапорталда рекъон цо къоялъ гIурус армиялъе камуна 800-ялдаса цIикIкIун чи.

Игьалиса Чупалас назмуялъулъ рехсовухъе БетIергьанас гъазизабазде нуж алжаналъул агьлу бугин абидал, тIадруссун кIалъала гьел Аллагьасул нуралде:

**«Ниж энире инарин, эб нижее гIоларин.**
**Дуниялалъул рокъоб зияраталъ рачIарал,**
**ШапагIат гьарун щварал, садакъаде жо кьурал**
**ЗияратчагIи ругин нижер цадахъ рачине.**
**ЖужахI тIадал ругилан эзда гъорлъин абидал,**
**ЖужахIалъул цIадаре нижги инин эл ч1олел,**
**ЖужахIалъул цIаялъе нужер гьан хIарам бугин,**
**Элги раче цадахъан, Аллагьас изну кьолеб.»**

**(Ахир 4 гьумералда)**

<u>ЦIияб Сон: «Демография» проект</u>

# Аслияб бечелъи - лъимал

**Нилъер пачалихъалъ гIезегIан кумек гьабулеб буго гIолохъанал хъизаназе, ригь арал гIадамазе. ДандчIвала гIадамал сундалъунин гьеб кумек бихьулебан абулелги. Гьединазе жаваблъун букIине жакъа нижеца кьолеб буго кинаб кумек щолеб нилъер гражданазеяли лъазелъун цо-цо баянал.**

«Демография» миллияб проекталъул аслияб мурад буго лъимал гIемерал хъизаназе кумек гьаби, гIадамазул гIумру халалъиялъе гIоло рукIа-рахъиналъул шартIал лъикIлъизари, сахлъи щулиял гIадамал гIемерлъи, ригь арал, гIолилал жалго жидедего руссун течIого, пайдаяб ишалде руссинари.

Гьеб мурадалда гIуцIараб лъимал гьарурал хъизаназе, кумек хIисабалда пачалихъалъ кьолеб «Эбелалъулаб капитал» кьезе байбихьаралдаса бана I5 сон. ХIисаб гьабуни, гьебги ккола гIолохъанал, гьанжего-гьанже цадахъ гIумроялде лъугьунел ругел хъизаназе гIураб кумек. Гьединго Госдумаялде босун буго законопроект, жинда рекъон умумазе рес кьолеб, эбелалъулаб капитал лъималазе ойлайн лъай кьеялъулаб хъулухъалъе (ВУЗазда цIализе, кружоказде хьвадизе) хIалтIизабизе. Жалго лъимал гIададисел справкаби росизе тIамичIого, пенсиязулаб фондалъ жидецаго лъазаризе руго гьел цIалулел бакIаздасан баянал сунде гьез гьеб гIарац хIалтIизабулебали.

ГIарац гьезухъе кодобе кьоларо жиб-жиб гьеб хIалтIизабулеб бакIалъул счеталде рехун гурого.

### Цо яги к1иго ва т1адеги лъимал гьарурал хъизиназе щолеб г1арцул къадар

2007 соналдаса 20I9 соналде щвезегIан гьоркьоб заманалда кIиго яги цIикIкIун лъимер гьабурай эбелалъе, эбелалъул капитал хIисабалда кьезе бихьизабун буго 589,5 азарго гъурущ гIарац.

2020 соналъул I январалдаса бахъараб 2022 соналде щвезегIан цо лъимер гурого гьечIониги, кьолеб буго хъизаналъе 589,5 азарго гъурущ. ТIадеги кIиабилеб лъимер гьабуни, гьеб гIарацалде тIаде жубалеб буго I69,5 азарго гъурущ. Гьедин, 2022 соналъул I февралалдаса байбихьун, 2023 соналъул I февралалде щвезегIан гьелъул къадар бахунеб буго 779 азарго гъурущалде.

- Гьеб гIарац хIалтIизабизе бегьулеб буго, ипотекаги гьоркьобе бачун, мина-рукъ босизе;
- Лъималазе лъай кьеялъе, школалда цебесеб лъайги гьоркьобе бачун;
- Лъимал-инвалидазе хIажатаб къайи босиялъе;
- Эбелалъул накопительнияб пенсия цIикIкIинабиялъе;
- КIиабилеб лъимералъ 3 сон базегIан щибаб моцIие выплата кьезелъун.

### Ипотекалъул программа халат бахъинабуна

Бигьа гьабураб «Хъизаналъулаб ипотекаялъул программа» гIумроялде бахъинабулеб бугелдаса ана 4 сон. Гьеб гIолохъанал хъизаназе цIакъго хIажат букIун буго. Гьеб заманалда жаниб мина-мулкалда жаниб лъикIал шартIал чIезариялъул мурадалда босулеб бигьа гьабураб кредит босун буго 400 азарго хъизаналъ. Киналнигиги къватIире кьурал займазул гIаммаб къадар бахун буго I,5 трлн гъурущалде. Гьеб кьезе бихьизабун букIараб заман ахиралде щолеб бугелъул, (2022 соналъул 3I декабрь) президентас министразул кабинеталда тIадаблъун гьабуна 2023 сон лъугIизегIан гьабураб лъимерги гьеб программаялде гъорлъе бачине.

Араб соналъул бащалъудасан пачалихъалъул гьеб кумек щолеб буго гIицIго 2 яги цIикIкIун лъимал ругел хъизаназе гуребги, 20I8 соналъул I январалдаса 2023 соналъул 3I декабралде щвезегIан гьабураб лъимер батаниги.

Кредит кьола 6 процентальул ставкаялда рекъон 30 соналде щвезегIан 6 млн. гъурущалъул роцада.

**Кинаб мина-рукъ босизе бегьулеб?**

-Балеб бугеб минаялда жаниб квартира;
-Жаниб чIолеб мина;
- Мина базе ракь босизе;
- Живго бетIергьанаб мина базе;
- Бича-хисиялъул къотIи-къайги гьабун бан бахъараб рукъ мина бичулесухъа босизе.

### Лъималазул ахазда рагьизе руго яслиялъулал группаби

«Демография» миллияб проекталда рекъон тIубараб Россиялдаго рагьулел руго I,5-3 соналъул ригьалда ругел лъималазе



яслиялъулал группаби. Гьелъ кумек гьабизе буго лъимералъе кьолеб школалда цебесеб лъай кигIан кIваниги хехго байбихьизе ва гьезул цебетIей лъикIлъизабизе. Ясельниял группабазда гьитIичалгун хIалтIизе руго хIалбихьи бугел педагогалги. Лъимал хехго ругьунлъула жалго гIадинал лъималазде, хехго мацI лъала, хьвада-чIвадиялъул къагIидаби ричIчIула. Гьединго, улбузе рес щола лъимерги яслиялде битIун хIалтIизе яги цIализе рахъине.

Нацпроекталъул мурадлъун ккола лъималазул ахикье хьвадизе киналго лъималазе рес щвей. Гьеб масъала гIумроялде бахъинабизе бихьизабун буго, гьанжесел цIиял лъималазул учреждениял ран гуребги, ругел лъималазул ахазда тIадеги бакIал гьарун, жалго бетIергьанал лъималазул ахал рагьизе бокьаразе гьел рагьизе рес кьунги.

Гьеб миллияб проект гIумроялде бахъинабизе байбихьараб 4 соналда жаниб рагьун буго I,5 азарго лъималазул ах, жидеца 220938 лъимер жанибе бачунеб. Миллияб проекталъул бихьизабиялда рекъон планалде босун буго 256,8 азарго бакI яслиязе кьезе.

**Ахихъан**

Районалъул газета
№ 1 (7557)
Гьат1ан
1 январь 2023 сон

3 гьумер

**Садовод**

Страница в номере




# Черный Водяной Кролик (Заяц, Кот) – символ 2023 года

**Черный Водяной Кролик (Заяц, Кот) — символ наступающего 2023 года, который занимает четвертое место среди знаков китайского гороскопа. С таким животным удается встретиться лишь раз в 60 лет. Следующий год с этим символом - 2083-й. Однако нужно учесть, что Новый год в китайском календаре не совпадает с европейским. Новый год по восточному календарю — это праздник весны, пробуждения природы, его празднуют во второе новолуние после дня зимнего солнцестояния. Год Кролика (Кота) придет к нам не 1 января, а в ночь с 21 на 22 января в 23 часа 56 минут по московскому времени.**

## Почему называют годом Кота

Кролик и Кот чем-то схожие создания — оба пушистые, ласковые и при этом умеют приземляться на четыре лапы после падения. Но в разных культурах отношение к ним не одинаковое. Так, предстоящий год для китайцев связан с Кроликом, тогда как Кота почитают японцы, тайцы и вьетнамцы. Это связано с местными отличиями в гороскопах. В России же в качестве символов прижились сразу два зверя, поэтому мы называем 2023-й годом Кролика и Кота одновременно.

## Характеристика и значение

На смену символа Тигра — переменчивого хищника приходит Кролик — спокойный, милый и дружелюбный зверь. Астрологи считают, что Новый 2023 год принесет в наш мир процветание, благоприятные перемены и умиротворение. Кролик олицетворяет семейственность, поэтому можно ждать, что в этом году наладятся дела в семейных отношениях, а в доме воцарится уют и хорошая атмосфера. Конечно же не все зависит только от Зайца или Кота, людям важно самим нести добро, чтобы получить его в ответ.

## Что принесет

В первую очередь год Кролика (Кота) считается годом семейных ценностей, из-за чего многие астрологи предвещают встречу со второй половинкой, женитьбу или рождение ребенка.

“По мнению астрологов, стихия наступающего года повторяет ласковый и мягкий характер его символов: Кролика и Кота. Новый год обещает нам спокойную жизнь без драм и конфликтов. На первый план выйдут внутрисемейные отношения, романтика, общение и реализация в профессиональной сфере”, — рассказывает Андрей Солозобов, главный редактор DG-HOME, медиа о дизайне интерьера и интернет-магазин дизайнерской мебели и предметов декора.

По словам эксперта, неофициально 2023 год считается годом семьи. Его символы обещают нам полное взаимопонимание и гармонию в семье.

## Как задобрить

Астрологи уверены, что удача, счастье и любовь обязательно посетят дом тех, кто сможет понравиться Водяному Кролику. Так как животное ценит семью, то стоит встречать Новый год в кругу самых близких, при этом важно, чтобы в доме была чистота и уют. Кроме того, стоит подумать о том, как украсить жилье и что надеть — считается, что правильная палитра обязательно привлечет Кролика.

## Как правильно встречать Новый год Кролика

Кролик хоть и доброе животное, но не стоит испытывать его характер — лучше подготовиться к Новому 2023 году тщательно — решить незаконченные дела, построить планы на будущее, отпустить обиды, украсить дом и елку, подобрать новогодний образ и пригласить к столу родных и близких.

“Символом наступающего Нового года является вода, знаменующая собой спокойное течение времени и размеренность. Вместе с тем, Кролик и Кот, относящиеся к стихиям земли, “рекомендуют” в праздновании новогодних торжеств-2023 акцентировать внимание на теплой гамме не только в отношении оформления елки, но и сервировке стола”, — утверждает Андрей Солозобов.

# Внимание! Запомните реквизиты Единого налогового счета для уплаты налогов с 2023 года

Управление Федеральной налоговой службы по Республике Дагестан напоминает, что Федеральным законом от 14.07.2022 № 263-ФЗ «О внесении изменений в части первую и вторую Налогового кодекса Российской Федерации», внесены изменения в положения Налогового кодекса Российской Федерации, которые вводят институт Единого налогового счета (далее – ЕНС).

В целях уплаты налогов, сборов, страховых взносов, пеней, штрафов, процентов посредством перечисления в бюджетную систему Российской Федерации единого налогового платежа с 01.01.2023 предусмотрен отдельный казначейский счет, открытый Управлению Федерального казначейства по Тульской области, в том числе и для налогоплательщиков Республики Дагестан.

Сегодня, чтобы уплатить налоги, нужно знать 1,5 тыс. кодов бюджетной классификации, более 20 тыс. кодов муниципальных образований и много других дополнительных реквизитов (срок уплаты, основание платежа, налоговый период, статус), которые следует указать в платежке. С внедрением ЕНС все это станет ненужным и лишним. Единственное, что потребуется – это ИНН и сумма, которые станут единственными изменяемыми параметрами платежа.

Таким образом, со следующего года налогоплательщик сможет вносить средства на свой ЕНС, а дальше Служба автоматически распределит их по его обязанностям. В первую очередь платеж будет направлен на погашение недоимки по хронологии ее возникновения. Далее - на налоги с текущим сроком уплаты, а потом – пени, проценты, штрафы в зависимости от того, что есть у плательщика. Это уменьшит число налоговых платежей, потому что все можно будет оплатить одной операцией.

Помимо этого, ЕНС отменяет единый срок давности платежа. В любой момент плательщик может вернуть положительный остаток, который есть на ЕНС, вне зависимости от того, когда он был уплачен – три года назад или месяц.

Кроме того, единый налоговый счет позволит больше не делать переброски между разными видами платежей, ликвидировав ситуации, когда у лица могла быть одновременно переплата и недоимка по разным видам налогов. Налогоплательщики с положительным сальдо счета ЕНС получат возможность исполнить обязанность иного лица. Для этого следует подать заявление, и средства с остатка на счете будут переведены.

Ускорится и процесс возврата на счет переплаты. Так, в Налоговом кодексе была закреплена норма о том, что налоговый орган обязан не позднее следующего дня после получения заявления налогоплательщика отправить поручение на возврат в Казначейство. Сегодня только решение о возврате может приниматься в течение 10 дней, а еще 20 дней дается Казначейству на проведение возврата. Уменьшится и время снятия блокировки со счета лица после погашения им задолженности перед бюджетом.

Таким образом, полностью изменится механизм взаимодействия с банками. Он позволит в течение одного дня после погашения задолженности обеспечить снятие блокировок с банковских счетов налогоплательщика.

**Реквизиты уплаты (перечисления) в бюджетную систему Российской Федерации налогов, сборов, страховых взносов, пеней, штрафов, процентов, начиная с 1 января 2023 года**

| Номер (поля) реквизита платежного документа | Наименование (поля) реквизита платежного документа | Значение |
|---|---|---|
| 13 | Наименование банка получателя средств | «ОТДЕЛЕНИЕ ТУЛА БАНКА РОССИИ//УФК по Тульской области, г Тула» |
| 14 | БИК банка получателя средств (БИК ТОФК) | «017003983» |
| 15 | № счета банка получателя средств (номер банковского счета, входящего в состав единого казначейского счета) | **«40102810445370000059»** |
| 16 | Получатель | «Управление Федерального казначейства по Тульской области (НО по месту постановки на учет)» |
| 17 | Номер казначейского счета | «03100643000000018500» |

# «АхIулгохI» мемориалияб комплексалъ щуго сон

Гъединаб даража цIикIкIараб ва кири кIудияб иш буго АхIугохIде зиярат гъаби. Гъеб тIабигIияб щулалъиялъ, кьурабаз сверун ккураб хьиндал кIкIалалъул берцинаб сураталъ, «Ахирияб хIухьелалъ Аллагьилан ахIулеб» гъазизабазул бахIарчилъиялъ хIайран гьаруна дунялалда цIар ракIарал хъвадарухъаби, поэтал ва художникал.

Цоги хIужа рехсон тезин: Дунялалда цIар ракIарав художник Франц Рубоца АхIулгохIда ккараб рагъул бищун хIалуцараб ахирисеб гьужумалъул сурат бахъана I2 метр борхалъи ва I20 метр халалъи бугеб. Цебе чIезабе-ункъбтIалаяб минаялъул борхалъи бугеб сурат!!! Гьеб суратги ккола Россиялда тIоцебесеб панорама гьабун бахъараб сурат.



«АхIугохI» музей-комплексалъул хIалтIухъабаз адабгун рохалида дандчIвай гьабула вачIанщинав гьоболасда. Туристалгун зияратчагIазул нахъаса къотIи гьечIеб тIелал рукIуна ГохIда рогьаралдаса рукIкIинегIан.

Комплекс рагьараб щуго соналда жаниб гьезул къадар нусазарго чиясдаса цIикIкIун батила. Ахирал соназ цIакъго цIикIкIана туристазул къадар.

Исана имам Шамилил 225 сон тIубаялда хурхун цIакъго гIемерлъана зияратчагIазул къадар. Санайил гьанир тIоритIула исламияб гIелмуялъул гIалимзабазул мажлисал, мавлидал.

ТIоцебе гьеб комплекс балаго гьевщинав чи гьениве вачIинин ракIалде ккун букIинчIо ва комплесалъул минаялда тIаде гьаризе кколел хIалтIаби гIемерал руго. Гьелде кидагосеб кIвар буссинабулеб буго районалъул бетIер НурмухIамадав ГIисаца ва Дагъистаналъул миллияб музеялъул генералияв директор МухIамадов Пахрудиница. Байбихьун буго каки чуриялъе ва как баялъе рукъзал разе, гохIде бачине ккола лъим, гьаризе ккола комплексалъул мина хинлъизабиялъе санагIалъаби. БачIунеб соналъ гьел хIалтIаби рагIалде рахъиналде хьул буго.

Нилъеца I00 сон тIубай гьабизе бугев Расул ХIамзатовасул руго рагIаби, цо нухалъниги АхIулгохIде щвечIев чи гьев магIарулав кколарин. МагIарулаллъун рукIа, рачIа АхIулгохIде, гьитIинаб хIеж тIубазе! Гьаниб нужеда бихьизе ва лъазе жо гIемераб буго!

**СултанмухIамад ГIалиев- «АхIугохI» мемориалияб комплексалъул нухмалъулев.**

МагIишаталъул хIакъалъуль пикраби

# ГЭС балаго рохун рукIана, амма...

Гьадин букIинин бицарабани I976-I980 санаца дун гьелда тIад елъилаан ва жаваб гьабилаан гьеб бугин гьадингояб хабар,- абун. Рихьуни ГЭСалъул хIалтIаби тIад ран унел рукIаниги кинго рекIелъе биччалеб букIинчIо гьадигIанго лъикIал ахалги лъадалъ тIерхьунин, хIалтIулги, захIматалъулги гурони мацIги лъаларел нижер росдал гIадамалги гьабизе хIалтIиги, рекьизе хурзалги гьечIого, гIодобегIанисеб куцалъ бицани; гьекъезе лъимцин ирга гьабун цо-цо авалалда заман цIан гурони щолареб бакIалде ккелин абун букIарабани.



Гьанже бицининха кинаб бечедаб совхоз рихьундерил букIарабали. ГIицIго I980 сон босилин мисалалъе. Гьеб соналъ Рихьуни совхозалъул букIана ункъго бригада. Дун йикIана ункъабилеб бригадаялда хIалтIулей. I980 соналда, цоги пихъ малъичIого цохIо гьеб бригадаялъул ахикьа ахбазаналъул Рихьуни заводалде кьуна I80 тонна, гIеч, микьир, кокон малъичIого.

Гьединго цIоросаролъий бекьараб цо-цо гектаралдаса анкьго-анцIго тонна бачIунаан. Ункъго бригадаялъул, жиб-жиб бригадаялъул цо-цо гектаралда бекьун букIунаан помидор, охцер. Пихъил сезоналъул заманаялъ хIалтIул квер гIоларого кумекалъе, совхозалъул администрациялъул гьариялда рекъон, рачIунаан батIи-батIияв цIалул заведениязул студентал.



ГIачиязул фермабазда дояркабилъун хIалтIулел рукIана гIолохъанаб гIел. Гьединго цоцалъ къец бан бечIчIулеб рахьдал къадар цIикIкIинабизе гьезги бахъулаан кутакаб хIаракат. ЦIаназул рехъаби хьихьарал гIухьбузул букIунаан гьединабго цоцадаса къвине чIолареб, жидерго хIалтIи цебетIезабулеб къеркьей-къец. Кидаго ва кинабго рахъалъ босаниги районалъул газетазда, доска почетазда тIоцебе ва лъикIаб рахъалда рехсолаан Рихьуни совхозалъул цIар. ЦIар арал пихъил ахал, алжаналъул ракь, бечедаб магIишат, цоцалъ гъункараб росу, росдал жамагIат! ГьечIо гьанже доб, кинабго ана хIорил тIиналде, тIокIалъ тIад бусунареб хIалалда. Гьедин росдал ишги нахъе ккана, жидерго кверbegin бекьараб, кверalъ гIезабураб гурони кваналарел рукIарал нижги, нижер умумалги, гьезулги нижерги наслаби гьанже хутIун руго къватIиса баччун бачIараб нигIматал кваналел.

ГьедигIан квеш букIинароан бекьизе ракьги, ракь лъалъазе лъимги гIаги букIарабаниги. Лъимгицин цо хасал къояз кьола Шамилхъалаялдаса росулъе. ГЭСалъул хIорил рагIалда гIумро гьабун рукIун къанагIалъана гьеб, цо нухалъ кьолеб компенсациялъухъ бичун ана ракьги. Кирехун ралагьун хал гьабуниги цIоросаролъ бекьизеяли щиб гурин бахчаби гьаризе г1исинал ракьалцин гьечIо гьанже рихьундерил. Гьелъ гьанже хIисаб гьабизе бачIуна ГЭС балелъул гIезегIан рохун рукIана рихьун щвезе бугеб компенсациялдаса, амма гьеб лъугIидал баракатаб ракьалъул къиматги лъан руцIун чIунги хутIун руго.

**Суайбат ХIАМЗАТОВА.**

# Халкъиял кицаби

РагIи гIемерав – вакъарав,
дугIа гIемерав – гIорцIарав.
Гьабизе лъарасе – квас, квине лъарасе – нах.
ХIалтIичIони – хIанчIуларо, бекьичIони – бижуларо.
ГIемер бихьарасда гIемер лъала.
Къаси вега, къад вахъа, рузил гIамал жибго те.
Ватухъе – чи, лъугьухъе – чIагIа.
Риидал гIор те, хасало мегIер те.
ГIедал течIони хведал тола.
Къокъид арав вуссинчIев, халат арав вуссарав.

Газета основана 1937 г.

УЧРЕДИТЕЛЬ: Администрация Унцукульского района

Главный редактор КЕБЕДМАГОМЕДОВА САНИЯТ КЕБЕДМАГОМЕДОВНА

Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД

Регистр. Пи № ТУ 05-00284 от 20 марта 2014 г.

Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.

Адрес редакции: 51373 Унцукульский район п. Шамилькала ул. М. Дахадаева 3 Телефон редактора 89896522856 sadovoduns@yandex.ru 398940

Адрес издателя и типографии г. Махачкала «Дом печати» ул. Акушинского 21

Подписано в печать - 31. 12. 2022 г. 14. 20 фактически -16. 10 мин.

Газета выходит 52 раз в год на аварском и русском языках Тираж - 1000 экз.